



DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH
EDIKASYON MILTIKILTIRÈL

**Avi sou Akomodasyon pou Evalyasyon
Elèv k ap Aprann Anglè (ELL)**

# Elèv la	Prenon Elèv la	Siyati	Klas	Pozisyon ESOL
# Lekòl	Non Lekòl la			

Byento, Distri Lekòl Rejyon Palm Beach pral administre evalyasyon distri a ak tès leta Florid ansanm ak egzamen final (EOC) nan plizyè matyè. Evalyasyon sa yo kapab fèt sou papye ak/oswa sou òdinatè. Elèv ki se patisipan aktif (LY) nan pwogram Moun ki Pale Lòt Lang (ESOL) oswa ki te fèk soti nan Pwogram ESOL la (LF) genyen opòtinite pou resevwa akomodasyon pandan tès yo. Yo dwe ofri menm akomodasyon sa yo regilyèman pandan ansèyman ak evalyasyon nan klas. Estaf lekòl la baze l sou bezwen edikatif elèv la pou l fè rekòmandasyon pou akomodasyon endividyèl ki apwopriye.

Anba la a nou tcheke akomodasyon nou pral bay pitit ou a:

- Anviwònman fleksib - ti gwoup, sal apa
- Tan fleksib - tan adisyonèl pou pran tès la
- Orè fleksib - administrasyon tès an plizyè sesyon kout nan yon jou lekòl
- Izaj yon diksyonè anglè a lang natif natal/lang natif natal a anglè oswa yon leksik(lè sa feزاب)
- Èd limite nan lang natif natal (lè sa feزاب)

Si w genyen nenpòt kesyon konsènan akomodasyon nan evalyasyon yo, kontakte pwofesè pitit ou a.

Siyati Direktè/tris/Reprezantan

Dat

Non Direktè/tris/Reprezantan

The Department of Multicultural Education Translation Team certifies that this is a true and faithful translation of the original document. (561) 434-8620 - January 2020 - SY-201002